ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№90 (23.748) ● 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным теухууэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м къыдигъэкІа Указ №174-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м
№107-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м къыдигъэкІа Указ №107-УГ-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советым хэтхэр

КІуэкІуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(Советым и унафэщІщ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ыр (*Советым и унафэщІым и къуэдзэщ) (эзгурыІуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ыр *(Советым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр *(Советым и и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Іуэхъу А. Б. - Бахъсэн муниципальнэ районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Балъкъыз А. Хь. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(эзгурыІуауэ)*

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(эзгурыІуауэ)*

Березнёв С. Н. - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Бещтокъуэ Ж-А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр

Гуэбэщ1ыкІ А. Ю. - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Дадэ М. А. -Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Джаппуев Р. Къ. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Евтушенкэ С. В. - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Залиханов Къ. Хь.-У. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Захарченко Н. Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Ульяновскэ къуажэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Инжыжокъуэ С. М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Къарэцыкіу М. Б. - Аруан муниципальнэ районым ЩІыпІэ унафэр зегъэужьыныжьмкІэ и советым и унафэщІым и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Куэшей А. Дж. - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Красножон Т. И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым хыхьэ Светловодскэ къуажэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

КІасэ Д. Ч. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпцытэ-къэзыбж палатэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Мэлбахъуэ Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэкІэмкіэ, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и комитетым и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и Гъэзэщ1акІуэ унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Уэщхъун Т. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мылъкумрэ я Іэхэухэмкіэ и министрыр

Пэнагуэ М. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и правленэм и тхьэмадэр

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Сарбашевэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным пыщІа Іэхэухэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Селиховэ О. А. - Шэджэм муниципальнэ районым хыхьэ Звёздно поселкэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Тараев И. В. - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

ТекІушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Храмцов А. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным пыщІа Іэхэухэмкіэ и управленэм и чэнджэщэгъуэр *(Советым и секретарь)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м къыдигъэкІа Указ №107-УГ-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советым

хэтхэр

Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум увынур къыхэхыныжьмкІэ конкурсыр езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтынухэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум увынур къыхэхыныжьмкІэ конкурсыр езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэгъэхьэн:

Емуз А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумрэ кадрэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Мэлбахъуэ Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэкІэмкіэ, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и комитетым и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Сарбашевэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным и Іэхэухэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Токъмакъ А. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(эзгурыІуауэ).*

2. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м
№72-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухууэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ, 22-нэ статьяхэм япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Щэрдан Валерий Нажмудин и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансхэмкіэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмкіэ, хъэрычэт Іэхэукіэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м
№893-П-П

● Лъэпкъ Іуэху

УЭХЪУТЭ Александр: «Адэжь лъахэр къапоплъэ»

Къэрэшей-Шэрджэсыр хагъэхьащ ди хэкуэгъуэр нэгъуэщІ къэралхэм кьигъэІэпэхьукІынымкІэ федеральнэ программэм. Сыт абы къикІыр? А упщІэм «Аргументы и факты» газетымкІэ жэуап иритащ КъШР-м щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъщэнхабзэ автономием и унафэщІ Уэхъутэ Александр:

- АБЫ КъОКІ мы зэманым хамэ къэралхэр зи хэщІапІэ адыгэхэм (шэрджэсхэм), нэгъуэщІ лъэпкъхэм ящыщхэр нэхъ тыншу Урысейм и цІыху хъуфыну икІи ди республикэм къэІэпхъуэжьифыну. Мы зэманым Сирием щыкуэдщ я адэжь лъахэм къэзыгъэзэжьыну хуейхэр. Арщхьэкіэ иджыри къэсыху КъШР-м къэкІуэжьынымрэ егъэлеяуэ гугъут. Абы къыхэкІыу Урысейм и нэгъуэщІ щІыналъэхэр къыхахын хуей хъурт. Дяпэкіэ мы Іуэхур нэхъ къыздэгъуэкІ хъунущ. ЦІыху 400-м нэблагъэм Іэмал яГъэтынущ УФ-м и паспорт нэхъ тыншу зыІэрагъэхьэну икІи КъШР-м зыкъыхрагъэтхэну.

ЩІыдгъужьнщи, а программэм нэгъуэщІ щІыналъэхэри хагъэхьащ. Псальэм и хьэтыркІэ, Шэрджэсыр зришэлІэжьну и мурадщ нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу я лъэпкъгъуэху цІыхуи 100-м щигъу.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Фэеплъ



Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим къыІэрагъэхъурэ илъэси 104-рэ щрикъум ирихьэлІэу, гъэ къэси хуэдэу, пэкІу щекІуэкІащ абы и фэеплъым деж. КІыщокъуэ Алим и цІэр зезыхьэ уэрамым тет Налшык къалэ администрацэм и гупэм къит фэеплъым деж щызэхуэсахэм яхэтт тхакІуэр фІыуэ зыцІыхуу щытахэр, жылагъуэ, политикэ Іуэху зезыхьэхэр, гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, усакІуэм и благъэхэр, Іыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, и усэхэр фІыуэ зыльъагъуэхр.

«Си гъащІэ ябгэр щызухынум, Шы жэр сытесу сыреух...»

- КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрымрэ адыгэ лъэпкъымрэ тхакІуэ щэджащэм дуней псом къариГъэІуцІауэ. ЩІыналъэм исхэр дыдэзрыгушхуэ тхакІуэм и цІэр щІэблэм щыдмыгъэгупщэну нэхъыжьхэм ди къалэнщ. ТхакІуэшхуэр кьащІахуэ махуэмкІэ зэхъыхьэм кьрихьэлІахэм сынывохъуэхъу икІи фІыщІэ фхузощІ, усакІуэшхуэр фи гум зэрилым папщІэ. Лъэпкъ литературэм и тхакІуэ нэхъыжьхэми абыхэм къащІэхъуэхэми КІыщокъуэ Алим сыт щыгъуи я гъуэгугъэльагъуэу, щапхъэу, гъащІэ гъуаэзу кьонэж, - жиІащ КъБР-м щІыхум и щІыхум и хуитыныгъэкэр хъумэныжьмкІэ и уполномоченэ **Зумакулов Борис**.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор **Гъут Іэдэм** жиІащ усакІуэшхуэр щІыхубэм зэпымыууэ зэращІыгъыр, тхакІуэм и Іэдакъэщ1экІэхэм гупсысэ куу зэращІэлъыр, ахэр зэрыкупщІэбэр, абы и зэфІэкІым кІуэ пэтми нэхъри зэрырегушхуэр, усакІуэр щІэх-щІэхыурэ ягу къызэрагъэкІыжьыр, псальэ гуапэкэр зэрыхужаІэр зэрыуасэншэр.

Лъахэхутэ, тхыльэ тедзапІэм и упафэщІ **Котляров Виктор** къыхигъэщащ нэгъуэщІ щІыпІэхэм къикІыу ди щІыналъэм зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэр КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ я тхьылъэм зэрыщІэупщІэр гуапэ зэрыщыхъур.

КІыщокъуэ Алим и цІэр зезыхьэ ЩхьэлыкІуэ къуажэм и курыт еджапІэ №2-м щыщ ныбжьыщІэ цІыкІухэр къеджащ я хэкуэгъу цІэрыІуэм и усэ нэхъыфІу ялъагъуэхэм.

ЗэІущІэм хэтахэм усакІуэшхуэм и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Пэкіум кърихьэлІахэр кІуащ КІыщокъуэ Алим къыщащІахуэ икІи щыщІалъхьэжа ЩхьэлыкІуэ къуажэм, абы дэт и фэеплъ музейм. КърихьэлІахэр усакІуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ тепсэлъыхьащ, и усэхэм кьеджащ.

ТекІуЖЬ Заретэ.

ЩІэблэхэр нэхъ быдэу зэпищІэнущ

Зэрыгурыіуэгъуэщи, зэхъуэкІыныгъэхэр зыужьыныгъэм хуэунэтІамэ, абыхэм фІы къадэкІуэнущ. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр иджы щрагъэжьащ Урысей Федерацэм пенсэхэр зыт и ІэнатІэм. Шэч хэмылъу, ахэр зыхуэунэтІар ди нэхъыжьхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ.

НЭХЪ япэкІэ ирагъэхьІуэкІыу щыта лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ процентищ-плІы хуэдизкІэ гъэ къэс пенсэхэр нэхъыбэ ящІу щытамэ, иджы а бжыгъэр проценти 7 - 8-м, уеблэмэ нэхъыбэм нагъэсыну я мурадщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, мазэ къэс къаІэрыхьэр сом мин, илъэсым тещІыхьауэ хъапщтэмэ, сом мин 12 хуэдиз хъунущ. А щыкІэм тету эхъуэурэ, къэралым ику иту щат пенсэр 2020 гъэм ирихьэлІэу сом мин 20-м нэблагъэну кьалъытэ.

Зэрыгурыіуэгъуэщи, зэхъуэкІыныгъэхэм я лъэхъэнэм гугъуехь пыхьыкІахэр кьадокІуэ. Дэ иджыпсту апхуэдэ зэманым дыхьыхьэу аращ. Сэ къыздэсылъытэмкІэ, къэралым и унафэщІхэм цІыхубзхэм ящыщу зи ныбжьыр илъэс 50-м щигъуэхэмрэ цІыхухъухэм ящыщу илъэс 60-м фІэкІахэмрэ лэжьапІэкІэ кьахуэзгъэпэщмэ, пенсэхэм яхуэгъэзэа ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей хоккеист цІэрыІуэ, дунейпсо чемпионатхэм тхуэнейрэ, Олимп джэгуэхэм тІэунейрэ я чемпион, Урысейм щІыхь зиІэ и тренер, УФ-м хоккеймкІэ и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщІхьэу щыта **Быков Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Адыгейм щыщ усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Хъунэгу Саидэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыжьмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 24, гъубж

♦**Урысейм щагъэлапІэ Кадастр инженерым и махуэщ**

♦**Удз гъагъэхэмкІэ Іэщ1агъэлІхэм я махуэщ**

♦**1790 гъэм** Франджым и ипщэ-къуэхэпІэ лъэныкъуэм, Барботан къалэ щІыкІум пэмыжьжьэу, кьыщехуэхащ вагъуэижьпкъ (метеорит). ЩІым ящытехуаУэ дунейпсо тхыдэм япэу иратхар аращ.

♦**1937 гъэм** США-м щыщ къхъулъатэзекуэ Эрхарт Амалие къхъулъатэкІэ япэу Атлантикэ хым щхьэпрыльэтыкІащ.

♦**1938 гъэм** псым занщІэу хэткІуэ кофе хьэжар къагупсысащ.

♦**1942 гъэм** нэмыцэдзэхэм Дон Іус Ростов къалэр яубыдащ икІи Кавказыр къэзэуным яужь ихьащ.

♦**1956 гъэм** яГъэтІылъащ физикхэм я къалэу къалъытэ Дубнэ и лъабжьэр.

♦Франджы тхакІуэ, драматург **Дюма Александр** (адэр) къызэралъхурэ илъэс 216-рэ ирокъу.

♦Урыс революционер, тхакІуэ, философ, критик **Чернышевский Николай** къызэралъхурэ илъэси 190-рэ ирокъу.

♦Адыгэхэм я макъамэ Іэмэпсымэхэр щІыным хуэІэзэу щыта **Ойберман Владимир** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Композитор, КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Даур Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Къззан Хьэмзэт** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, уэрэджьыІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артисткъ **Мирошниченкэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, критик, литературэдж, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъут Іэдэм** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Узбекистаным и президент **Мирзияев Шавкат** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей хоккеист цІэрыІуэ, дунейпсо чемпионатхэм тхуэнейрэ, Олимп джэгуэхэм тІэунейрэ я чемпион, Урысейм щІыхь зиІэ и тренер, УФ-м хоккеймкІэ и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщІхьэу щыта **Быков Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Адыгейм щыщ усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Хъунэгу Саидэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыжьмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 25, бэрэжьей

♦**УФ-м Следствэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Урысейм псым кулыкъу щезыгъэкІ и полицэм и махуэщ**

♦**Белоруссием и мафІэсгъэункІыфІ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**1472 гъэм** шэрджэс кхъухь 24-рэ тенджыз фІыщІэм зэпрыкІри, Тыркум теуауэ щытащ.

♦**1567 гъэм** Венесуэлэм и кьалащхьэ Каракас и лъабжьэр яГъэтІылъащ.

♦**1942 гъэм** щІидзащ Кавказым папщІэ екІуэкІа зауэм. Советыдзэхэмрэ нэмыцэхэмрэ абы папщІэ зэпэщІэтащ 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м пщІондэ.

♦**1943 гъэм** Прохладнэ - Налшык гъущІ гъуэгуэр зэфІэгъэувэжьыныр зэфІэкІащ.

♦**1947 гъэм** Чехием и кьалащхьэ Прагэ къыщызэІуахащ щІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я І дунейпсо фестивальр.

♦**1984 гъэм** дунейм щыяпэу цІыхубз-космонавтыр хьэршым хьихащ. Ар зыхуэзфІэкІар совет космонавт Савицкая Светланэщ. «Салют-7» кхъухьым икІри, ар хьэрш зэІухам хьихащ.

♦**1992 гъэм** Барселонэ (Испание) къыщызэІуахащ XXV гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр. Ахэр екІуэкІащ бадзэуэгъуэм и 25 - шыщхьэуІум и 9-хэм.

♦Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, юстицэмкІэ министру, депутату, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьикмэт (МафІэдз) Умар** къызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Ахъмэт Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, кинорежиссёр, актёр щІэрыІуэ, РСФСР-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Лениныи и щІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шукшин Василий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Адыгейм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хъут Шэмсэдин** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Публицист, «Заман» газетым и редактор нэхъыщІхьэ, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Аттаев Жэмал** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦АР-м и къэрал лэжьакІуэ, журналист, политикэ щІэныгъэхэм я доктор **КІэрашэ Асльэнбэч** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Географие щІэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Болэ Владислав** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦АР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщІхьэ **Ныбэ Анзор** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

♦Боксёр, Олимп джэгуэхэм жэз медаль къыщІызыхьа **Хърачэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыжьмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Жьым щхьэ ядэшх, щІэм лъакъуэ ядэшх.

Мы махуэхэм

Мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэ

УФ-м и Къэрал Думэм и зэIущIэм и япэ еджэгъуэм реанимацэм щIэлъ сымаджэхэм я деж я Iыхьлыхэр щIыхьэну хуит зыщI унафэр къыщащтащ. «УФ-м цIыхухэм я узыншагъэр щыхъумэным и лъабжьэхэм я IуэхукIэ» 79-нэ федеральнэ законым и 1 статьям халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм сымаджэщым реанимацэмкIэ и къудамэм щIэлъ сымаджэм и адэ-анэм, и унагъуэм щыщ адрей Iыхьлыхэм апхуэдэ Iэмал къарет. Реанимацэм зэрыщIыхьэну хабзэр зыубзыхун хуейр гъэзэщIакIуэ властым и уполномоченнэхэрщ.

IУЭХУР къыхэзылъхьа, Къэрал Думэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым хэт, «Урысей зэкъуэт» партым и «Здоровое будущее» проектым и унафэщI Герасименкэ Николай къыхигъэщащ апхуэдэ унафэр къащтэным цIыху мелуан бжыгъэхэр зэрыпэплъэр. «Реанимацэм щIэлъ сымаджэхэм деж я Iыхьлыхэр щIэгъэхьэным теухуауэ мызэмытIэу зыкъытхуагъэзащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм», - жиIащ абы.

Депутатым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, нобэ реанимацэм ущIыхьэным и Iуэхур ткIий. Законым къызэригъэувымкIэ абы щхьэкIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм щытыкIэ щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщауэ щытын хуейщ, ауэ я къалэным хыхьэркъым хуитыныгъэ иратыну.

«Псори зэлъытыжар сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэмрэ реанимацэмкIэ къудамэм и унафэщIымрэщ. Аращ языныкъуэ медицинэ IуэхущIапIэхэм я реанимацэм ущIагъэхьэу, адрейхэм апхуэдэ хуитыныгъэ къуату щIыщымытыр. Къыхэтлъхьа унафэм Iуэхур хабзэ пыухыкIам тригъэувэнущ икIи сымаджэщхэм къалэн ящищIынущ сымаджэм я Iыхьлыхэр реанимацэм щIагъэхьэну», - жиIащ Герасименкэ Николай.

Депутатым къызэрилъытэмкIэ, а унафэр къащтэным мыхьэнэшхуэ иIэщ сымаджэм и благъэхэм я дежкIэ, псом хуэмыдэу сабийхэм я адэ-анэхэмкIэ. ЩытыкIэ хьэлъэ къихутами и Iыхьлыхэр къызэрыкъуэтыр ищIэнри куэдкIэ щхьэпэщ.

«Урысей зэкъуэт» партым и «Здоровое будущее» проектыр хуэунэтIащ цIыхухэм фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр ягъуэтыным, IэнатIэм зегъэужьыным, гъащIэ узыншэм къыхуеджэным. Проектым и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ амбулаторэ, сабий медицинэ IуэхущIапIэхэр адэкIи егъэфIэкIуэныр, цIыкIухэм я узыншагъэр хъумэным ткIийуэ кIэлъыплъыныр. Апхуэдэуи абы увыпIэ щхьэхуэ щеубыд щIыуэпсыр, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным хуэгъэза лэжьыгъэхэми.

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и пресс-IуэхущIапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бэджыдэ Мухьэмэд Хьэсэн и къуэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м *Налшык къалэ* *№47/1-6*

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту хаха Нэзрэн Беслъэн Мухьэмэд и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщхьэщахам къыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №66-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 5-м тету икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и мандату хуит къэхъуар иратын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хуигъэлъагъуэ кандидатурэм и IуэхукIэ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Политикэ советым 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бэджыдэ Мухьэмэд Хьэсэн и къуэм (№68).

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ **ДЖАППУЕВ Мусэ**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь **БОНДАРЕВ Николай**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Бэджыдэ Мухьэмэд Хьэсэн и къуэр тхыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м *Налшык къалэ* *№47/2-6*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бэджыдэ Мухьэмэд Хьэсэн и къуэм етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №47/1-6-м тету, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Бэджыдэ Мухьэмэд Хьэсэн и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам етын ар зэрыхахамкIэ удостоверенэр.

3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ **ДЖАППУЕВ Мусэ**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь **БОНДАРЕВ Николай**

● Щыгъуэ псалъэ

Адыгэ дунейр зыгъэбея цIыху

Ди лъэпкъым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 90-м иту дунейм ехыжащ Щхьэлахъуэ Iэбубэчыр Iэдыщэс и къуэр. БзэщIэныгъэлI, тхыдэдж, IуэрыIуатэдж, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Щхьэлахъуэ Iэбубэчыр адыгэ дунейм пщIэрэ щIыхьрэ зиIэу тета цIыхущ.

АР ПСЭУХУ и щIэныгъэри, зэфIэкIри, къарури зытригъэлэжьар езыр къызыхэкIа адыгэ лъэпкъырщ. Илъэс 45-м иту Iэбубэчыр филологие щIэныгъэхэм я доктор, илъэситI дэкIри профессор хъуащ, илъэс 60-м нэблагъэкIэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгей къэрал институтым щылэжьащ. Тхылъ 30, тхыгъэ 400 и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэлI гъуэзэджэм, апхуэдэуи адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрырагъаджэ тхылъипщI дунейм къытригъэхьащ.

Адыгэ Республикэм и политикэ гъащIэми хэтащ Iэбубэчыр. Ар Теучэж, Мейкъуапэ щIыналъэхэм я хабзэубзыху IэнатIэхэм щылэжьащ, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ. АР-м и Конституцэр зэхэлъхьэным, къэщтэным хэлIыфIыхьахэм ящыщщ, апхуэдэуи «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр зэхэзышахэм яхэтащ Iэбубэчыр икIи илъэси 7-кIэ абы и тхьэмадэу щытащ. Щхьэлахъуэр щыIащ 1991 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ зэхуэс Налшык щекIуэкIам. ИлъэситI дэкIри ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэу ягъэуващ, иужькIэ илъэсищкIэ Хасэшхуэм и президент къулыкъум пэрытащ.

Адыгэ Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт, ЩIэныгъэмкIэ АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зыхуагъэфэща - а псори къыпэкIуащ абы и гуащIэм. ГущIыхьэ тщыхъуащ Щхьэлахъуэ Iэбубэчыр дунейм зэрехыжар икIи и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ дахуогузавэ.

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр, «Адыгэ псалъэ» газет.

* * *

ЩIЭНЫГЪЭЛI цIэрыIуэр щIалъхьэн ипэ къихуэу, Мейкъуапэ дэт «Панорама» кинотеатрым и фойем бадзэуэгъуэм и 22-м щыгъуэ пэкIу щекIуэкIащ. Абы хэтащ щIэныгъэрылажьэхэр, егъэджакIуэхэр, щэнхабзэ, медицинэ, спорт IэнатIэхэм пэрытхэр. ПэкIур къызэIуихащ Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и президент **ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий**. Япэ псалъэ зрата АР-м и Iэтащхьэ **КъумпIыл Мурат** жиIащ Адыгейм и къуэ пажэхэм ящыщ Щхьэлахъуэ Iэбубэчыр зэраIэщIэкIар икъукIэ зэрыхэщIыныгъэшхуэр. «Кавказ Ищхъэрэ псом фIыуэ къыщацIыху, къыщалъытэ щIэныгъэлIу щытащ Iэбубэчыр, абы хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ лъэпкъым и зыужьыныгъэм, бзэр, литературэр ипэкIэ гъэкIуэтэным. Псэемыблэжу хуэлэжьащ республикэм и Iуэхухэр дэгъэкIыным, хабзэубзыху IэнатIэр зэтеублэным. ГущIыхьэ тщыхъуащ ди нэхъыжьыфIыр зэрыфIэкIуэдар», - жиIащ КъумпIылым.

Апхуэдэу щыгъуэ пэкIум къыщыпсэлъащ АР-м и Къэрал Советым-Хасэм и унафэщI **Нарожный Владимир**, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ **МэшбащIэ Исхьэкъ**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, Шапсыгъ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и унафэщI **ТIэш Мурдин**, Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий**, хамэ къэрал къикIыжахэм къабгъэдэкIыу жылагъуэ лэжьакIуэ **МэшхуэфI Нэждэт** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Ныбжьэгъу щыпкъэт

Жылэтэж Сэлэдин сэрэ Арщыдан къуажэм дыкъыщыхъуащ, курыт еджапIэри къызэдэдухащ. Вы хъунур шкIэ щIыкIэ уощIэ, жыхуаIэращи, пасэу тхэн щIидзат. Абы зэрыцIыкIурэ гущIэгъу хэлът. СощIэж Пионерым и махуэр дгъэлъапIэу Арщыдан мэз лъапэм дыщыIэу, зыми гу зылъыдмыта блэшхуэр башым фIэлъу къызэрихьар. ЯпэщIыкIэ дигугъащ абыкIэ хъыджэбз цIыкIухэр игъэщтэну арауэ. Ауэ абы щыщыIэтэкъым Iуэхур. Жыгым дэпщей блэ кIыхьыжьым бзу абгъуэм ис шыр цIыкIухэр зэришхынур къыгурыIуэри, къриудыхауэ арат.

Сэлэдин (сэмэгумкIэ етIуанэщ) и ныбжьэгъухэр и гъусэу.

ДЭ НЭХЪРЭ нэхъыфIу еджэрт ар. Псом хуэмыдэу адыгэ, урыс литературэхэмкIэ къыттекIуэрт, тхакIуэ зэрыхъунур къапщIэу. Сочиненэ тхамэ, егъэджакIуэхэм Сэлэдин ейр щапхъэу дагъэлъагъурт.

«Зауэм и бынхэр» фIэщыгъэцIэр зиIэхэм ящыщ дэ гугъу дехьу дыкъэхъуащ. Зауэм и кIэр хьэдагъэщ жыхуиIэр нэсу дымыгъэунэхуамэ си Iуэхущ, дыщыгъынышэу, тшхын дымыгъуэту. Школым дыкъызэрикIыжу, унэ лэжьыгъэхэм я ужь дихьэн ипэ къихуэу, ди гъунэгъу мэзым гъэмахуэм гу цIыкIукIэ, щIымахуэм IэжьэкIэ дыкIуэрт, абы къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэр къэтщыпырт, пхъэ гъэсын къыхэтхырт. Къэдугъуея тIэкIухэр тщэрти, тшхын къэтщэхурт. Куэди къыщIэкIрэт абы: пхъэщхьэмыщхьэ (мы цIыкIу, кхъужь цIыкIу хуэдэхэр) къэпитI-къэпищым я уасэм щIакхъуитI, дагъэ стэчан кърит щэхуфмэ дыгуфIэу арат. Хьэцыбанэ къэтщыпар ди анэхэм тхуагъавэрти, фошыгъу лъэпкъ хэмылъу ар итфу арат. Ди щыгъынхэр, иджыпсту жыпIэкIэ я фIэщ мыхъунри хэлъщ, брезентхэм, къэпхэм къыхэщIыкIат. Ди адэ-анэр колхозым щылажьэрт, къалэжьыр кърамыту. Уеблэмэ дерсхэм я зэхуаку дэт зыгъэпсэхугъуэ зэман кIэщIхэм колхоз нартыхур зэхыдагъэдзырт. Мис апхуэдэущ ди сабиигъуэр зэрекIуэкIар.

ЕджапIэр къэдуха иужь, Сэлэдин Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ, сэ дзэм къулыкъу щысщIэну сыдэкIащ. Илъэс куэдкIэ дзэм сыхэтащ ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм сыщыIэу. А зэманым кърихубыдэу щIэчэ имыIэу письмо нысхуитхащ Сэлэдин, сызыпэрыт лэжьыгъэр зэрыфIыр, офицерыгъэри зэрылъапIэр къызжиIэу, ауэ си адыгэбзэр дэнэ сыщыIами зыщызмыгъэгъупщэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзгъэзэжыну къызэлъэIуу. СыкъэтыхукIэ си ныбжьэгъухэу Къагъырмэс Борис, Джэдгъэф Борис, Гъубжокъуэ Лиуан, Жылэтэж Сэлэдин сымэ тхакIуэ хъарзынэ хъуахэу къэзгъэзащ. Псом хуэмыдэжу Сэлэдин и Iуэхухэм сыщыгуфIыкIырт, ин срихъурт. Ар куэдым хуэIэкIуэлъакIуэт, IэщIагъэ зыбжани зэгъусэу къехъулIэрт. УсакIуэ, тхакIуэ, мультипликатор, кинематографист, сценарист, IуэрыIуатэдж - куэд дыдэ мэхъу абы хузэфIэкIыу щытар. Мультфильму 50-м щIигъу адыгэбзэкIэ тхахэр урысыбзэм, урысыбзэр - адыгэбзэм иригъэзэгъащ, и тхылъхэр урысыбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, тыркубзэкIи зэрадзэкIащ, спектакль зыбжанэ игъэуващ, и тхыгъэхэм художественнэ фильм къытращIыкIащ. Къыхэгъэщыпхъэщ «Сосрыкъуэ» таурыхъым папщIэ 1982 гъэм саугъэт кърата уэ зэрыщытар. Псоми фIыуэ ялъагъу абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «До свидания, школа», «Розы Долинска», «Мамэ, папэ, нанэ, дадэ», нэгъуэщIхэри. Гулъытэ лей хуэфащэщ «Толькъун гъыбзэм». Абы къытхуигъэна псом я гугъу схуэщIынкъым, си гугъэщ абы и творчествэм ди тхакIуэхэр тепсэлъыхьыну. Тхылъ псо зытеухуапхъэ цIыхуу си щхьэкIэ къызолъытэ ар.

ЦIыхум сэбэп зэрыхуэхъуным яужь иту псэуа Сэлэдин къытхэтыжккъым, бадзэуэгъуэм и 27-м илъэс ныкъуэ мэхъу ар дунейм зэрехыжрэ. Къыщалъхуа къуажэм щыщIэтлъхьэжа иужь, псалъэ къыщызатым си нэпс къемыкIуэу и гугъу схуэщIакъым къуэш схуэхъуа си ныбжьэгъуфIым. Сыхуэарэзыщ, си нэгум ноби щIэтщ, иджыри Iэджэрэ сщыгъупщэнукъым адыгэлI нэскIэ узэджэкIэ ущымыуэну Жылэтэж Сэлэдин.

МЭРЕМКЪУЛ Лиуан.
Арщыдан къуажэ

Гъуазджэм и вагъуэ

● Темыркъан Юрий и илъэс

СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цIыхубэ артист, Совет Союзым, РСФСР-м, Урысей Федерацэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Темыркъан Юрий адыгэ лъэпкъым и мызакъуэу, къэрал псор зэрыгушхуэ цIыхущ, зи зэфIэкIыр дунейм щызэлъащIыса дирижёр ахъырзэманщ. И махуэм ирихьэлIэ мыхъуу, зэпымыууэ утепсэлъыхьми утетхыхьми мылей лъэпкъылIым дызэрыт гъэм и дыгъэгъазэм и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

«АР ЗЭУЭ лъагапIэм и щыгум къыщыхута цIыхущ. Апхуэдэу къыщIэкIынщ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ, балигъыпIэм имыувэ щIыкIэ и гъащIэр зытриухуэнур - макъамэм пэжкIэ зэрыхуэлэжьэнур - зыубзыхуам зэрызиIэтыпхъэр» - щитхауэ щытащ Хьэгуарэ Джамилэ илъэс зыбжанэ ипэкIэ дунейм къытехьа «Юрий Темирканов. Монолог» и тхылъым и пэублэ псалъэм.

Ленинград консерваторэр къызэриухыу, 1966 гъэм, ар Верди Джузеппе и «Травиата»-мкIэ къихьащ балетымрэ оперэмкIэ Театр ЦIыкIум и утыкум. А илъэс дыдэм дирижёрхэм я етIуанэ урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуащ. И ныбжьыр илъэс 30 щыхъум, Ленинград филармонием и академическэ оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэщ, илъэс 38-м - Оперэмрэ балетымкIэ театр Киров Сергей и цIэр зезыхьэм (иджы Мариинскэ театрым) и художественнэ унафэщIщ, 42-м - «СССР-м и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ (а зэманым нэхъ щIалэ дыдэу цIыхубэ артист хъуар Юрийщ). 1988 гъэм, и ныбжьыр илъэс 50 щрикъунум ирихьэлIэу, ди къэралым и япэ филармоние оркестрым, дуней псом нэхъыфI дыдэу къыщалъытэхэм ящыщ зым, и пашэ хъуащ. ИужькIэ къыхуагъэфэщащ Санкт-Петербург Шостакович Дмитрий и цIэр зезыхьэ и академическэ филармонием и художественнэ унафэщI IэнатIэр, нобэр къыздэсми абы щолажьэ.

Макъамэм теухуауэ дуней псом щекIуэкI Iуэхугъуэхэм и гуащIэу хилъхьэмкIэ цIыхубэм и лъагъуныгъэр къэзылэжьа, дуней псом и сыт хуэдэ плIанэпи хэIэтыкIауэ зи цIэр къыщраIуэ, дамыгъэ лъапIэхэмрэ щIыхьыцIэхэмрэ зыхуагъэфэща IэщIагъэлIщ Юрий. Щапхъэу къэбгъэлъагъуэмэ, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и нагъыщиплIри зыхуагъэфэща закъуэтIакъуэм ящыщщ Темыркъаныр.

Урогушхуэ Юрий лъэкIам, и гъащIэ гъуэгум уриплъа иужь, щIэныгъэрэ зэчийкIэ плъэмыкIын дунейм темытуи къыпщохъу.

Музыкэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм къадэкIуэу, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдымкIи Юрий Iущщ, удихьэхыу, зи гугъу ищIым фIы дыдэу зэрыхищIыкIыр къапщIэу Iэджэм тепсэлъыхьыфынущ, езыр гушыIэрейщ, и щхьэкIи ауан зыхуэщIыжу, зыщыдыхьэшхыжыфу апхуэдэщ. «Ауан зызымыщIыжыф цIыхур, егъэлеяуэ зыхуэткIиижыр сфIэтхьэмыщкIэщ. Ахэр икIи шынагъуэщ. Къэзыухъуреихь дунейм, езым ехьэлIауэ куууэ гупсысэфхэркъым. Зи ныкъусаныгъэхэм щымыдыхьэшхыжыф цIыхур ахьмакъщ», - жиIэгъащ абы зэгуэр.

ИСТЭПАН Залинэ.

Къырымым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Республика Форос - 2018» зыфIаща дунейпсо щIалэгъуалэ форумым и 20-нэ зэхыхьэр. Абы хэтащ ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъущIапIэхэмкIэ Урысей академием (РАНХиГС) и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэ институтым экономикэмкIэ, управленэмрэ правэмкIэ и факультетым и 2-нэ курсым и студенткэ Шихмагомедовэ Джулинэ.

● Къырымым кърытыкI

ЩIалэгъуалэм я зэхыхьэшхуэ

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ я зэхыхьэм хэтахэр едэIуащ нобэрей зэманым цIыхухэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм теухуа лекцэхэм. Ахэр IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэм, политологхэм, Урысеймрэ СНГ-мрэ я тренер нэхъыфIхэм ирагъэкIуэкIащ, политикэм и лъагапIэр зэрызыIэрагъэхьэфынум и Iэмалхэм ныбжьыщIэхэр хагъэгъуазэу, къэрал кIуэцI политикэм и щэхухэр къыхузэIуахыу. Ди къэралым и гъунапкъэ куэдым къикIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ хэтащ психологие тренингхэмрэ спорт зэхьэзэхуэхэмрэ, акъыл жанагъыр къызэрапщытэ джэгукIэхэм.

«Форос-2017»-ми сыхэтащ. Илъэс кIуам къызэрысщыхъуам мыгъэрейр фагъуэ ехъулIэнкIэ сышынами, сыщыуауэ къыщIэкIащ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, щIэ Iэджэ хэлът. Иджыри сыкIуэну сыхуейщ, сыту жыпIэмэ къару къыпхелъхьэ, щIэ гуэр къызэрыбулъэпхъэщыным ухуегъэпабгъэ, илъэс псор абы щыплъэгъуам укъызэщIиIэтэу ибохьэкI», - жиIащ Шихмагомедовэм.

БЛИЙ Даянэ.

● Банк Iуэхухэр

ПсынщIэу икIи пщIэ щIамыту

ХъумапIэ банкым псынщIэу икIи пщIэншэу иту щIидзащ МИР Momentum картэхэр. Ахэр къыщIах хъунущ банкым и къудамэхэр здэщыIэ щIыпIэ псоми.

«ХЪУМАПIЭ банкым и МИР картэхэр ди республикэм къыщагъэсэбэп цIыху мин 80-м щIигъум. Иджы дэ клиентхэм Iэмал ядот дакъикъэ зыбжанэм къриубыдэу ахэр ди къудамэхэм щызыIэрагъэхьэну. Псом япэрауэ ар тыншщ бюджет IэнатIэм щылажьэхэм я улахуэр, стипендиехэр, пенсэхэр къыхуаутIыпщын папщIэ. Абы щыгъуэми МИР Momentum картэхэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкI щыIэкъым: ахэр къэбгъэсэбэп хъунущ ущыщахуэкIэ, Интернет-сатури хэту, ахъшэ зыгуэрхэм щахуебгъэхькIэ, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр щепткIэ, - къыджиIащ «ХъумапIэ банк» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

Ахъшэ зэрат лъэпкъ системэм теухуа хабзэм ипкъ иткIэ, бюджетым къыхэкI языныкъуэ ахъшэхэр МИР картэм фIэкIа eбгъэхь хъунукъым. 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ ар ехьэлIащ бюджет IэнатIэм пэрыту улахуэ зратхэм, 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ - ПФР-м и пенсионерхэм. Зи гугъу тщIахэм ящыщу ахъшэ къыхуагъэкIуэн папщIэ счёт къызэIузых дэтхэнэми МИР-м и картэхэр абыхэм банкым занщIэу хузэфIигъэкIыну хабзэм къегъэув.

Дызытепсэлъыхьа Iуэхум нэхъ зыубгъуауэ зыщыбгъэгъуазэ хъунущ ХъумапIэ банкым и сайтым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● ХъыбарегъащIэ

Концертым фрагъэблагъэ

Псыхуабэ (Пятигорск) къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм бадзэуэгъуэм и 25-м щекIуэкIынущ «Высоцкий Фест» (www.vfest.ru) урысейпсо зэпеуэм хыхьэу ирагъэблэгъа артистхэмрэ музыкантхэмрэ зыхэтыну концерт.

ЗЭПЕУЭР къыхэзылъхьари ар къызэзыгъэпэщари Высоцкий Владимир и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондымрэ «Наше радио» радиостанцымрэщ, Урысей Федерацэм и Президентыр я дэIэпыкъуэгъуу.

Фестивалыр зэхэзыублахэм я къалэныр зыхуэунэтIар макъамэ тхыным икIи гъэзэщIэным дихьэх щIалэгъуалэр къагъэнэIуэнырщ, ахэр утыку кърашэнырщ, ядэIэпыкъунырщ, зэпеуэхэр къагъэсэбэпурэ нэхъыфIхэр къыхахынырщ.

Iуэхум нэхъ зыубгъуауэ зыхэзыгъэгъуэзэнухэм Iэмал яIэщ мы телефонымкIэ 8 926 215 38 39 «Мультимедиа Холдинг» ЗАО-м и вице-президент Горбачёв Сергей и деж псэлъэну. Электрон пощтыр - sg@nsm.

ФщIэн папщIэ: Илъэсым и пэщIэдзэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыхилъхьауэ щытащ уэрэд зытх щIалэгъуалэм я фестиваль къызэрагъэпэщыну.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

ЩIалэгъуэ

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар Щомахуэ Залинэщ

Абэнокъуэ Рустам и макъ дахэр

Нобэ дызэрыгушхуэ МузыкэмкIэ театрым и солист, зи макъ дахэм ди республикэм щыпсэу куэд дихьэх Абэнокъуэ Рустам Тэрч щIыналъэм хыхьэ Бorы-къуей къуажэм дэт курыт еджапIэр къызэриухыу Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтым щIэтIысхьауэ щытащ. Уэрэд жыIэнымкIэ къудамэм илъэсиплIкIэ щеджауэ абы и щIэныгъэм щыпищащ Саратов дэт консерваторэм. Ар къиуха иужь уэрэджыIакIуэ щIалэщIэр Москва кIуэри, абы и къару щеплъыжащ. Котельники дэт «Белая дача» щэнхабзэмкIэ уардэунэм и художественнэ унафэщIу, къищынэмыщIауэ, Назаров Владимир и музыкэ театрым, Александровым и хор цIэрыIуэм щылэжьащ. Абэнокъуэм и зэфIэкIым зегъэубгъунымкIэ IэмалыфIхэр къыхукъуэкIырт, ауэ адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэщи, «бланэ щалъху мэкIуэж». 2010 гъэм Рустам нэхъ къищтащ къыщалъхуа щIыналъэм къигъэзэжу абы и сэбэп иригъэкIмэ.

Налшык къалэ дэт Музыкэ театрым щылэжьэн зэрыщIидзэрэ абы игъэзэщIащ Трубадур («Бременские музыканты»), Генерал («Сказка про Федота-стрельца»), Карабас («Буратино») сымэ я ролхэр, нэгъуэщI куэди. И лэжьыгъэм, дяпэкIэ и мурадхэм теухуауэ щытащ ди зэпсэлъэныгъэри.

- Рустам, уи IэщIагъэр къызэрыхэпхар сфIэгъэщIэгъуэнщ.

- А упщIэр къыщызаткIэ, сыт щыгъуи яжызоIэ си IэщIагъэм езым сыкъыхихауэ къызэрыслъытэр. Сэ абы куэдрэ къыпэскIухьащ, ауэ сыпэлъэщакъым *(мэдыхьэшх)*. Ди къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьакIуэ Алшагъыр Ритэ 4-нэ классым сыщIэсу макъамэм сызэрыхуэтхьэкIуэ-мафIэр зэрымыщIэкIэ къихутэри, абы игъэлажьэ гупжьейм сыхигъэхьэн папщIэ хузэфIэкI къигъэнакъым. Сыкъыщыхутемыгъэхьэм, си адэ-анэм епсалъэри, Iэпэдэгъэлэл пщIы мыхъун зэфIэкIхэр макъамэм зэрыщызиIэр я фIэщ ищIат. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, ди классым щIэс хъыджэбз цIыкIуэхэм я гъусэу, уэрэд жыIэнымкIэ гупжьейм щхьэхуимыту кIуэн щIэздзат. Зыкъэзумысыжынщи, япэ дерсхэм сыкIуатэкъым, уэрэд жызмыIэн щхьэкIэ сыти къэзгупсысырт. Абы яужь Алшагъырым и чэнджэщкIэ си адэм Тэрч къалэ дэт макъамэмкIэ сабий школым сишати, къызэдэIуэну зызыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм я пащхьэм зыри щахужысIатэкъым. ИкIэм-икIэжым Ритэ и ерыщагъыр текIуэри, уэрэд жыIэным сыдригъэхьэхат. 6-нэ классым сыщIэсу «Батыр» зэпеуэм сыхыхьэри ди школым япэ увыпIэ, щIыналъэм - етIуанэ увыпIэ къыщысхьат. А зэпеуэм сыхэту гу къыслъызыта Пшыншэ Хьэлым (КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ) куэдкIэ сэбэп къысхуэхъуащ. Курыт еджапIэр къэзухыху Пшыншэм деж сыщеджащ, абы уэрэд жыIэным и мызакъуэу, гъуазджэм и дунейм цIыхуу укъызэрыщынэным и щэхухэми сыхуигъэсат.

Курыт еджапIэр къыщызухым сэ хьэкъыу сщIэрт «щхьэхуимыту» къыхызагъэха IэнатIэм сызэрыхуеджэнур. Арати, 2000 гъэм Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтым сыщIэтIысхьэну тезухуащ. Урысейм и цIыхубэ артисткэ Гъэсашэ Наталье экзаменхэр щытIихым, си уэрэд жыIэкIэм едаIуа иужь, езым и деж сыщеджэну сыкъищтауэ щытащ.

ИлъэсиплIрэ ныкъуэкIэ сыщIэсащ институтым. А пIалъэм си насып кърихьэкIри сольфеджиомрэ пшынэмкIэ Хьэсанэ Мусэ сригъэджауэ щытащ. А цIыху телъыджэм и зэфIэкI лъагэхэм гъуазджэм и нэIуасэ дэтхэнэри щыгъуазэщ. ЕгъэджакIуэр зыхуейну ткIиягъыр, щIагъыбзэр, гушыIэ дахэр, пэжыр зи гъуазэ, зэхэщIыкI ин зыхэлъ цIыхут ар. СэркIэ Хьэсанэр цIыху ныкъусаныгъэншэт, икIи сыт и лъэныкъуэкIи абы ещхь сызэрыхъуным сыхущIэкъуурт.

Къызэрыхэзгъэщащи, уэрэд жыIэным сыхуезыгъэджар Гъэсашэ Натальещ. Абы хэлъ щэхухэм сыщыгъуазэми, сызыхурагъэджар цIыхубэ уэрэдхэрати, академическэ жыIэкIэм, оперэр, ариер, романсыр зищIысыр сигъэщIащ. Гъэсашэр къызэрымыкIуэу зэфIэкI ин зиIэ уэрэджыIакIуэщ, езым бгъэдэлъ щIэныгъэр гурыIуэгъуэу цIыхум бгъэдэзылъхьэфщ.

- БгъэзэщIа ролхэм ящыщу нэхъ уигу къинэжахэм я гугъу уэзгъэщIынут.

- ЗгъэзэщIа роль псори зэхуэдэу фIыуэ солъагъу. Сэ сызэреплъымкIэ, артистым дежкIэ къылъыса ролыр нэхъыщхьэрэ къызэрыгуэкIкIэ игуэшын хуейкъым, дэтхэнэри и зэфIэкI емыблэжу утыкум екIуу щигъэлъэгъуэн, и къалэным хыхьэ псори къанэ щымыIэу игъэзэщIапхъэщ. Ролым и мызакъуэу, театрым и лэжьыгъэр зэрыщыту апхуэдэущ зэрыщытыпхъэр. Сыхьэтым и щIыкIэм егъэщхь хъуну къысщохъу театрыр: и зы Iыхьэ къэтмэ, лэжьыгъэр къэувыIэнущ. Си псэм нэхъ фIэфI ролхэм я гугъу пщIымэ, апхуэдэщ сэркIэ хьэл мыхъумыщIэ, ныкъусаныгъэ зыхэлъ лIыхъужьхэр. А ролхэр псэкIэ спэгъунэгъуу схужыIэнукъым. МыхъумыщIагъэм къишэ лейр, псалъэ жагъуэм цIыхугур зэрыриудыр, Iейм Iей къызэрыпэкIуэр къэзгъэлъэгъуэну сыхуейуэ аращ. ЕпцIыжыныгъэм и гуащIагъыр, нэпсейм и хьэлыншагъэр, нэгъуэщI хьэл гуемыIухэр къэзгъэлъагъуэкIэрэ, апхуэдэ цIыхухэм, хьэлым гущыкI хуезгъэщIынырщ сызыхущIэкъур. Зы цIыхум нэхъ мыхъуми а гупсысэр и гум къыщыхъуэпскIмэ, ролыр къызэхъулIауэ къэслъытэнущ.

Дэтхэнэ театрми и къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэр фIым къыхуеджэнырщ, абыхэм хьэл нэхъыфIхэр яхэпщэнырщ, Iейм щIэнэкIэнырщ.

- Уи репертуарым хэт уэрэдхэм укъытхутепсэлъыхьын?

- Си репертуарым езым си уэрэд зэрыхэмытым, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм ейхэр зэрызгъэзащIэм абыхэм я жьауэм сыкъыщIэнэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр мызэ-мытIэу къызаIуэкIащ, ауэ сэркIэ апхуэдэхэм я жьауэ сыщIэтыныр пщIэшхуэщ. Сэ жысIэ уэрэдхэм мыхьэнэ ин яIэщ, хуабагъэшхуэ яхэлъщ, гупсысэкIэ гъэнщIащ. Магомаев Муслимрэ Бабаджанян Арнорэ зэгъусэу ягъэзэщIахэм лIэщIыгъуэ псом щIэлъ хуабагъыр къащыхуэгъэлъэгъуащ. Абыхэм ирагъэжьа Iуэхум къыпысщэным, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми абы щыщ Iыхьэ сыхъуфыныр сэркIэ насыпщ.

НобэкIэ си репертуарым хэмытми, сэ быдэу сыщогугъ зэманым хуэфащэ уэрэд хуэзусын цIыху зэчийфIэхэр дызэриIэр.

- Щапхъэу, узыдэплъейуэ уиIэхэм я гугъу къытхуэпщIамэ арат.

- Тхьэм и фIыщIэкIэ, си гъащIэм хэтщ фIы и лъэныкъуэкIэ куэд къысхэзылъхьа цIыхуфIхэр, апхуэдэхэм уадэгъуэгурыкIуэныр, щапхъэ ятепхыныр насыпышхуэщ. Мурад гуэр зимыIэ щыIэкъым: си хъуэпсапIэхэмрэ къалэну зыхуэзгъэувыжхэмрэ мащIэкъым, ауэ сытым дежи сэркIэ нэхъапэр цIыхуу сыкъэнэжынырщ. Щапхъэуи бзыпхъэуи сиIащ си адэр. IуитIбзитIыгъэ абы зэи игу техуэнутэкъым, зыгуэр зригъэхъулIэн папщIэ и щхьэр щIрихьэхын Iуэху пхуилэжьынутэкъым, пцIы илъагъу хъуртэкъым, захуагъэм щхьэкIэ имыщIэфын щыIэтэкъым.

- Уи мурадхэмкIэ укъыддэгуэшамэ ди гуапэт.

Иджыпсту си мурадхэм сатепсэлъыхьыну сыхуейкъым. Шэч хэмылъу ахэр куэд мэхъу, ауэ мы зэманым сэркIэ нэхъыщхьэр си лэжьыгъэм и щэху нэхъыбэ згъэунэхунырщ, илъэс 20 - 30 хуэдиз дэкIмэ, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм чэнджэщ щхьэпэ естыфын, гъуэгу захуэ тезгъэувэфын хуэдэу. Хэхауэ а щхьэусыгъуэращ гъэ кIуам ГИТИС-м режиссёрхэр щагъэхьэзыр и къудамэм сыщIыщIэтIысхьар.

- ИджыкIэ сытым уелэжьрэ?

- Чайковскэм и «Пиковая дама» оперэм сэ щызгъэзэщIэну къысхуагъэфэщащ Томскэм и партиер. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, оперэр тыншхэм ящыщкъым, ауэ къызэхъулIэну сыщогугъ.

Епсэлъар
ЩОМАХУЭ Залинэщ.

И зэфIэкIым дыщогуфIыкI

Ди «ЩIалэгъуэм» и хьэщIэ Хьэцым Лианэ зэрысабийрэ дохутыр хъуну щIэхъуэпсырт. Иджыпсту абы а цIэр зэрихьэ къудейкъым, ар а IэщIагъэм щынэхъыфIхэм хабжэ.

ЛИАНЭ ЭндокринологиемкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэщ, Алмазов В. и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт самаджэщым эндокринологыу щыIэщ. И лэжьыгъэм къищынэмыщIауэ, дунейпсо конференц зэмылIэужьыгъуэхэм хэтащ пщащэр.

А IэщIагъэм илъэс куэдкIэ хуэкIуа пщащэм жеIэ абы къиуха курыт еджапIэ №26-м щIэсыху а унэтIыныгъэмкIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыхэтар, абыхэм я фIыгъэкIэ медицинэм япэ лъэбакъуэхэр зэрыхичар. Школым щезыгъэджахэми зэрахузэфIэкIкIэ хъыджэбзым зыкъыщIагъэкъуащ. Иджыри 11-нэ классым щIэсу ар хэтащ «Егъэджэныгъэ.ЩIэныгъэ. IэщIагъэ» къэхутакIуэ ныбжьыщIэхэм я вуз зэхуаку конференцым. Абы Лианэ грант тIууащIэ къыщихьат. Конференцым ипкъ иткIэ ар нэхъыфIу къалъытаитхум хабжат, абы иужькIэ «ЗэрыцIыхуныгъэ» дунейпсо программэм хагъэхьэри Швециемрэ Финляндиемрэ къыщызэрагъэпэща щIэныгъэ конференцым и лэжьыгъэхэр инджылызыбзэкIэ утыку къыщрихьат. И зэфIэкIхэр къэзыгъэлъэгъуа пщащэр Санкт-Петербург дэт университетым и медицинэ факультетым щIагъэтIысхьат, ауэ езым нэхъ фIэкъабылу а къалэ дыдэм Кировым и цIэр зэрихьэу дэт Дзэ-дохутыр академиер къыхихри абы щеджащ. ИужькIэ ординатурэр Алмазовым и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ медицинэ къэхутакIуэ центрым къыщиухыжащ.

Дохутыр хъуну зэрысабийрэ триухуами, эндокринолог унэтIыныгъэр Хьэцымым иужькIэщ къыщыхихар. ЯпэщIыкIэ хирургыу еджэну триухуат пщащэм, ауэ а лэжьыгъэ хьэлъэм пэмылъэщынкIэ зэрыхъунури къыгурыIуэрт. Академиер къиуха иужь абы терапиемкIэ кафедрэм щылэжьэну къыхуагъэлъэгъуат, ауэ нэхъ къищтащ кууэ джа мыхъуауэ къалъытэ эндокринологие унэтIыныгъэр къыхихмэ. Лианэ жеIэ эндокринологием узыфэ хьэлъэ куэд зэриIэр икIи ди цIыхухэм абы фошыгъу узым фIэкIа къыхэмыкIыу къащыхъуми, зэрыщыуэр. Ар иджыпсту здэщыIэ клиникэм а узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрагъэхъужын IэмалыщIэхэр къыщохутэ. Абы дызэрыщигъэгъуазэмкIэ, лэжьыгъэм къыхудэхуэ зэманым щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм дехьэх.

Гъэ кIуам Лианэ хэтащ Тыркум щыIа 5-нэ дунейпсо конференцым. Абы ипэкIэ Португалием и къалащхьэ Лиссабон щекIуэкIа 19-нэ конгрессым. Ди лъэпкъэгъу пщащэм а зэхыхьэхэм доклад гъэщIэгъуэнхэр щищIащ, Iуэху еплъыкIэщIэхэр къыщыхилъхьащ.

Медицинэм и сыт хуэдэ IэнатIэри тыншкъым. Абы пэрыувэну тегушхуэхэми, шэч хэмылъу, къару ин яхэлъын хуейщ. Сэбэп хуэхъуну хунэмысу цIыху къызыIэщIэлIэхэм ар къызытемыхьэлъэ зыри яхэту къыщIэкIынкъым. Хьэцымым жеIэ дохутырым апхуэдэхэр и гум щIигъэхьащэ зэрымыхъунур, армырамэ, абы къыщыгугъ адрей сымаджэхэм лей къатехьэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр. Къэхъуам дерс къыхэпхыу апхуэдэ дяпэкIэ къызэрумыгъэхъуным ухущIэкъуу, уи лэжьыгъэр ебгъэфIакIуэу улэжьэн хуейуэ аращ.

Хьэцым Лианэ и мурадщ ди республикэм къигъэзэжу щылэжьэну. ЗэкIэ и IэщIагъэм и щэху нэхъыбэ зэригъащIэмэ нэхъ къэщтэ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

ЕхъулIэныгъэ куэдым я лъабжьэ

Щапхъэ

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Мэшыкъуэ Iуащхьэм деж щекIуэкI щIалэгъуалэ зэхыхьэм зи мурадым гъащIэ щигъуэтахэм ящыщщ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр гъэ кIуам дзэ дохутыру къэзыухауэ иджы ординатурэм зи щIэныгъэм щыхэзыгъахъуэ, КъБКъУ-м и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Шэрэдж Аслъэн.

АР ЯЩЫЩКЪЫМ зи зэманыр пщIэншэу зыгъакIуэхэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и гупсысэм зезыгъэужьын, и зэфIэкIым хэзыгъэхъуэн щIалэгъуалэ зэхыхьэхэм зыкъыщигъэлъагъуэ зэпытщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, ящыщкъым зы унэтIыныгъэ хэзыубыдыкIыу абы «зытезыгъэлIыкIхэм». Аслъэн лъэныкъуэ куэдкIэ зиужьыну яужь итщ, ауэ щыхъукIи, дэтхэнэ Iуэхури ныкъуэ мыхъуу зэрырихьэкIыным хущIокъу. Тэрч къалэ дэт курыт еджапIэ №3-р дыжьын медалкIэ, медицинэ факультетыр диплом плъыжькIэ къиухащ. Абы и тхыгъэ 20-м щIигъу ди щIыналъэми хамэ къэралхэми къыщыдэкI журналхэми къыщытрадзащ.

Шэрэджым зэпеуэ, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм бжьыпэр щиубыдащ, ауэ дэ нэхъыбэу гулъытэ зыхуэтщIынур «Мэшыкъуэ-2017»-м «Подкова» фIэщыгъэм щIэту щыпхигъэкIа проект гъэщIэгъуэнырщ. Хабзэм тету цIыхухэм яIэ хуитыныгъэр къызэпемыгъэудыным, жылагъуэм законым тету я Iуэху дэгъэкIа хъуным ехьэлIа а Iуэхугъуэр ди республикэм зэрыщылэжьа пIалъэм кърикубыдэу куэдым къахуэщхьэпащ.

- ЩIыналъэ зэхуаку клуб къызэдгъэпэщри, гъэ кIуам и бжьыхьэ мазэм проектыр гъащIэм хэпщэн щIэддзащ. Илъэс 18 - 35 ныбжьым кърикубыдэу цIыху 30-м щIигъу хэлэжьыхьащ абы.

Дэтхэнэ зыри дрихьэлIауэ къыщIэкIынщ хабзэм къигъэув ди хуитыныгъэхэр къыщызэпауд. Апхуэдэ лей къызытехьэхэм дакъыщхьэщыжыныр, цIыхум иIэ хуитыныгъэхэр гурыдгъэIуэныр, хуейм зыщIэдгъэкъуэнырщ ди къалэн нэхъыщхьэр. Псом хуэмыдэу зыкъытхуэзыгъазэр щIалэгъуалэрщ. Абыхэм къыдахьэлIа Iуэхум и хэкIыпIэр къытхуэмыгъуэтмэ, чэнджэщ къыдэзытыфын юрист нэхъыжьхэри къытщхьэщытщ. Зыкъытхуэзыгъазэхэм я лъэIур зэхуэдэкъым, ауэ зэрытхузэфIэкIкIэ, зыри гулъытэншэ тщIыркъым. ЦIыхухэм нэхъ тыншу дыкъагъуэтын, зыкъытпащIэфын папщIэ Интернетым социальнэ напэкIуэцI зыбжанэ къыщызэIутхауэ, абыхэмкIи къытхуотхэ. Дэ езым тхузэфIэхынухэр зэфIыдох, шэч къызытетхьэхэр IэщIагъэлI нэхъыжьхэм я чэнджэщым тету дощI, - къыддогуашэ Шэрэджыр.

Проектым и къалэн нэхъыщхьэр УФ-м и норматив - хабзэ лъабжьэм хэзыщIыкIхэри хэзыщIыкIынухуейхэри зэкъуэгъэувэнырщ. Ар къызэзыгъэпэщахэм я мурадщ апхуэдэ щIыкIэкIэ щIалэгъуалэм я хуитыныгъэр егъэщIэныр, хабзэр къызэпызыудым тралъхьэну тезырыр гурагъэIуэныр. Къэралым къыщащта хабзэщIэхэр зэпкърыхауэ хэIущIыIу щыщIыныр, щIалэгъуалэр зыIууэ лъэпощхьэпохэм дэIэпыкъуэгъу щахуэхъуфын къызэгъэпэщынырщ.

- Дэ дыхуейщ къыдэкIуэтей щIэблэм Iэщэм я нэхъ лъэщыр - хабзэм тетыныр - яIэщIэтлъхьэну. ЕхъулIэныгъэ куэдым я лъабжьэр хабзэращ. Абы утетмэ, ар къыпхуэгъэсэбэпмэ, гъащIэм лей къыщыптехьэнукъым. Дэ къызэдгъэпэща клубыр куэдым сэбэп яхуохъу.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

* * *

Хэт жызыIар ди анэбзэр тщыгъупщэжу,
Хэт зыгъэIуар ди анэбзэр Iумпэм тщIыуэ.
Ещхьщ адыгэбзэр пшынэбзэм, ар щыбзэрабзэм,
Шабзэшэ ткIийуи шэрыуэщ.

ЖызыIэ щыIэщ ди бзэр хъуауэ лъэншэ,
Зи бзэ теукIытыхьхэм ящIыу ар псэншэ.
Сэ сропагэ а бзэм и беягъым,
Сэ срогушхуэ а бзэм и лъэщагъым.

Си бзэр къулейуэ, шэрыуэу щымытамэ,
Си гурыщIэу псы къиуар хуэмыIуэтэнт.
Си бзэм и IэфIагъыр сэ зыхэзмыщIамэ,
Стхыфынут а бзэмкIэ мы усэр сэ?

* * *

ПщIыхькIэ куэдрэ сэ узогъэхьэщIэ
Уи гум, сощIэ, сэ сыщымыхей.
ХощIыр уи гур укъызэгупсысмэ,
Тыншу псэу, сэ пхуэзгъэгъуащ куэдIей.

Дэзгуэшащ нэгъуэщIым си пIэщхьагъыр,
Псалъэ быдэ жырым хуэдэу стащ,
Сыпсэунущ псэр пытыху згъэпэжу,
Зэрыхабзэуэ изгъэщу си псэм ипэ напэр.

КъалэмыР къэзыщтагъащIэхэр

ЯгъэкIынкъым, уэри бэяужи,
Си гур умыкъутэ, дунеижь и нэху.
ЯгъэкIынкъым, уигу къысщIэгъуу,
Сызэптам сыхуэпщIми щхьэузыхь.

Дыгулыбгъуей

Адэжь и лъапсэу си Дыгулыбгъуей,
Къуажэу щыIэми я лей,
Си сабиигъуэр щIэзыупскIа лъапсэ,
Си щIалэгъуэр щагъэфIа щIыналъэ.

Уэ сыпIуплъэжамэ, си псэм зегъэпсэху,
Сихьэжам уи куэщIым си гум жьы дехуж.
Уэ нэхъ къуажэ дахэ сэркIэ зы щымыIэ,
ЦIыхуфI-акъылыфIэхэр зи бащэ лъахэ.

Зи гъавэри бэв, пхъэщхьэмыщхьэкIэ бей,
Къуажэм я нэхъ дахэу си Дыгулыбгъуей.
Уи щIалэхэр гъэсащи, пщащэхэр щэныфIэщ,
Си гум и гъэфIэну си Дыгулыбгъуей.

ШЫБЗЫХЪУЭ Жаннэ.
Дыгулыбгъуей къуажэ

Къамэм теухуауэ

Адыгэ хабзэм щыщщ

Адыгэ къамэ зылъэгъуам, гу лъимытэнкIэ Iэмал иIэкъым къамэдзэм лэдэх зэрытелъым. А лэдэххэм щхьэкIэ адыгэхэм джуд е жуд жаIэ. Къамэ щыIэщ жуд темылъу, къамэдзэр гъущI джафэу. Апхуэдэ къамэ зыхуащIхэр щIалэ цIыкIухэрт, къану япIу атэлыкъым и деж щыIэхэм я ныбжьыр илъэсиблым нэсамэ. АбыкIэ щIалэ цIыкIухэм загъасэрт къамэ яIыгъыфу, зэрахьэфу, къагъэсэбэпын хъумэ, хуэсакъыу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зызыхуагъасэр IэщакIуэ зэрыхъунум и закъуэтэкъым. Уеблэмэ, нэхъыщхьэр аратэкъым, атIэ сытым щхьэкIи и къамэ Iэпщэ емыпхъуэу, къамэр къримыгъэлъэту есэнырт. Адыгэхэм жаIэрт: утэмакъкIэщIу къамэ къомых, къипхауэ ар иумылъхьэж.

АБЫ ЩIАПIЫКIА щIалэм, лIым езым и щхьэ зэрыхуигъэфэщэжкIэ, и зышыIэныгъэм елъытауэ жуд зытелъ къамэхэр зрагъэгъуэту, зэрагъэпэщу щытащ. Къамэ щыIащ зы жуд телъу, жудитI иIэу, жудищ телъу. ЩIалэ цIыкIухэм я къамэ зытемылъымкIэ, ар кърихрэ зыгуэру зэранамэ, ешхыдэ мыхъумэ, абы фIэкIыртэкъым, ар щIалагъэ делагъэу ялъытэу. АдэкIэ къамэ къизыхам и тезырыр елъытат абы къриха къамэм телъ жуд бжыгъэм. АтIэми къамэ кърихамкIэ зэран гуэр ищIамэ, зыгуэр иуIуамэ. АдыгэлIым шыIэ нэс схэлъ хъуащ, зыхужимыIэжауэ жудищ зытелъ къамэ зэригъэпэщыртэкъым. Жудищ зытелъ къамэ лIым цIыкIуфэкIуэкIэ кърихынутэкъым икIи, пэж дыдэу, кърихауэ ар пщIэншэу ирилъхьэжынутэкъым. Жудищ зиIэ къамэм лIым и пащхьэ иригъэувэ къалэнышхуэр арагъэнущ апхуэдэ къамэхэр мащIэ дыдэу щIыщытари.

Къамэм ехьэлIауэ мы хабзэри щыIэт. Адыгэхэм емыкIушхуэу ябжу къекIуэкIырт къамэкIэ упыджэныр. КъамэкIэ пыджэртэкъым, атIэ къраупщIэхыу арат, къамэдзэр къыдэгъэзеяуэ мыхъуу, егъэзыхауэ, къамэ Iэпщэр яIыгъыу.

Мыхэр цIыкIу щIыкIэ зылъагъу, зэхэзых, абы щIапIыкI щIалэгъуалэр нэхъыжь и псалъэ фIэлIыкIым и мызакъуэу, и щхьэ, и адэ-анэм я щIыхь, я лъэпкъым и пщIэ, я нэмысым хуэсакъыу къэхъурт, дэнэ и дежи, сыт щыгъуи мыхэр сымыгъэукIытащэрэт, ди нэхъыжьхэм яхуэфащэу сыщытащэрэт, жиIэу.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъыжьым я пщIэм, я щIыхьым, я псалъэм куэд иIыгът. ИтIанэми абы текъузи, хэгъэзыхьи хэлътэкъым. Ар нэхъ зэлъытар езы нэхъыжьым хабзэ зэрищIэ, Iуэху зехьэкIэм зэрыщыгъуазэт, «бжьынэ зэрына» зэригъэкIыфу, пэж жиIэфу, а пэжми тетыфу. Ар япэкIэ гупсысэм и мызакъуэу, атIэ плъэфуи щытын хуейт. Зи акъылрэ зи пэжагъкIэ цIыхур къэзыхьэхуфхэр лъэпкъым я набдзэт, бэм я жыIакIуэт, хеящIэт, уэчылт. ИкIи куэдрэ къэхъуртэкъым ахэр щыуэу. Апхуэдэ нэхъыжьхэр тхьэрыIуэ щыхьэту увхэрт, ахэр шэсыпIэ увхэрт, ахэр шэсыпIэ зыхуихьам и Iуэхум шэч къытрахьэжыртэкъым.

КъызэрыщIэкIымкIэ, уегупсысмэ, щIалэм е лIым езым и щхьэ хуигъэфэщэж къамэ къыхихырт зы жуд, жудитI е жудищ телъу, ауэ нэхъыжьыр, лIыр жыIакIуэ хъунуми, хеящIэ ящIынуми, адэкIэ Iэби, тхьэрыIуэ щыхьэту къащтэнуми зэлъытар абы цIыхур зэригъэпэжыфырт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, апхуэдэ нэхъыжьым и гъащIэ псомкIэ къигъэлъагъуэу арат и адыгагъэмрэ и цIыхугъэмрэ. ПщIэмрэ щIыхьымрэ зы махуэкIи, зы илъэскIи зэрагъэпэщыртэкъым. Псори зэпэлъытат: и лъэпкъым сыт я псэукIэ, и адэ-анэм сыт хуэдэ губзыгъагъэ къапиха, и щIалэгъуэм щыгъуэ сыт и зэфIэкIт, щизэманыгъуэм дауэ цIыхум яхэтыфа. А псом къамэ къыхэхыкIэри, а къамэм и къэгъэсэбэпыкIэри хэту.

Нэхъыжьыгъэр къызэралъытэр ныбжькIэт. Зэшхэм, зэныбжьэгъухэм, зэгъусэхэм я нэхъыжьыр я Iэтащхьэт. ЗэтIолъхуэныкъуэхэм я нэхъыжьыр яужь дунейм къытехьар арат. Зэдэлъху-зэшыпхъум зэрагъэхьышхуэ щымыIэмэ, щIалэ цIыкIум зэрыцIыхухъум щхьэкIэ пщIэ лей ирату нэхъыжьыгъуэр хуагъэфэщэнкIэ хъунут, абы и жыIэр нэхъ ягъэзащIэу, абы ящIэнумкIэ ечэнджэщу.

Хабзэ щIэныгъэр Iуэхушхуэм и мызакъуэу икIи Iуэху инщ. Ар зэи цIыхум зэран хуэхъуакъым. Зэран хъур щIэщыгъуэщIу, дэтхэнэ зыми ядэплъагъур уемыгупсысу уи гъащIэм хэплъхьэну, хыупщэну ущыхэтырщ, уи хабзэ дахэм и пIэкIэ. Абы ехьэлIауэ адыгэхэм щIэнакIалъэ куэд яIэт, ауэ мы псалъэжьхэр дигу къэдгъэкIыжмэ нэхъыфIу къыщIэкIынущ: «ХабзэмыщIэр щIыкIейщ», «Хабзэншэр напэтехщ», «ХабзэмыщIэ жьантIакIуэщ», «ХабзэмыщIэ зыхамыщIэ тэджауэ зегъэпсчэIу». Ахэр ауэ сытми лъэпкъым къигупсысакъым.

Къызыщыхъу щыIэщ хабзэ умыгъэзащIэу узэрыхуейм хуэдэу упсэумэ, нэхъ тыншу, нэхъыфIу. Дауи, узэрыадыгэр пщыгъупщэжауэ, уи ныбэрэ уи фэрэ фIэкIа нэгъуэщI къыпфIэмыIуэхуу щытмэ, упсэуху упсэунущ. Ауэ щхьэхуещагъэмрэ щхьэхуэфIыгъэмрэ псори щIебгъэхъумэмэ, узэрыцIыхум къикIыж щыIэкъым. Зи нэхъыжь зымыгъэнэхъыжьым, зи адэ-анэ елъэстауэм, зи бзэ, зи хабзэ лъэныкъуэ езыгъэзым сыт хуэдэ щIэпхъаджагъэри къыпхуищIэфыну ялъытэрти, апхуэдэхэм адыгэхэм я дзыхь ирагъэзыртэкъым. ЖаIэрт: «Бзаджэр уи цей къуащIэ къытетIысхьэмэ, пыупщIи къэгъанэ».

МАФIЭДЗ Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъым къитхыжащ.

Щыхъу мелардхэр дэзыхьэха зэпеуэ ин

Иджыри къэс щыIахэм йофIэкI

Урысей Федерацэм щекIуэкIа футболымкIэ XXI дунейпсо чемпионатыр тхыдэм щыщ Iуэхугъуэ хъуащ. Ар зэрекIуэкIамрэ дяпэкIэ къапэщылъхьэмрэ Мэзкуу къыщыззрагъэпэща пресс-конференцым щытепсэлъыхьащ ФутболымкIэ Дунейпсо Зэгухьэныгъэм (ФИФА) и президент Инфантинэ Джанни.

- Дауэ къыпщыхъуа Урысей Федерацэм и къалэхэм щекIуэкIа дунейпсо чемпионатыр къызэрызэрагъэпэща щыкIэр?

- Зэхьэзэхуэм щIидзэным иджыри илъэс зыбжанэ иIэжу жысIауэ щытащ мыр адрей чемпионатхэм зэрефIэкIынур. Апхуэдизуи къэхъуащ. Абы папщIэ псоми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Псом япэрауэ, ар ехьэлIащ зэхьэзэхуэм и лIыхъужь нэхъыщхьэ футболистхэм. ФIыщIэ ин яхузощI Урысей Федерацэм, къызэгъэпэщакIуэ гупым, волонтёрхэм - апхуэдизу гуапэу дыкъезыгъэблэгъа псоми. Зэхьэзэхуэр фIэщущIыгъуейуэ Iуэхузэджэу къызэгъэпэща хъуащ. Абы хэта гуп 32-ми сохьэхъу апхуэдизу зэхьэзэхуэ иным хэтыну я насыпт къызэрикIам папщIэ.

И деж щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым и фIыгъэкIэ, Урысейм фIы и лъэныкъуэкIэ хэпщIыкIыу зихъэжащ. Ар футбол къэралыгъуэ лъэщ хъуащ. Iуэхур зэпытыр абы и командэ къыхэхам мы зэхьэзэхуэм зыкъызэрыщигъэлъэгъуам и закъуэкъым, атIэ топ щыдджэгуну стадион екIуэкIэ, зыгъэсапIэкIэ, хьэщIэщхьэр, зыгъэпсэхупIэкIэр, вокзалхэр, кхъухьлатэтIысыпIэкIэр, нэгъуэщI куэди нобэрей мардэхэм кьизагъэу зэрыщащхуэрыр. А псори дяпэкIэ кьызэрыгъэсэбэпыну мурадкэр Урысей Федерацэм иIэщ икIи а IуэхумкIэ щIэгъэкъуэн хъуну ФИФА-р сыт щыгъуэ ихьэзырщ.

Чемпионатыр щекIуэкIа стадионхэм я тIысыпIэхэм я процент 98-р щIыхьэм яубыдащ. Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну нэгъуэщI къэралхэм кьикIащ хьэщIэ мелуаным щIигъу. ЩIыку мелардищым щIигъу телевизоркIэ зэIущIэхэм кIэлъыплъащ.

Дызэрыгушхуэхэм ящыщщ зи къарурмрэ зэфIэкIымрэ хэзыгъэхъуэ хущхъуэхэкIэр (допинг) зрахьэлIауэ XXI дунейпсо чемпионатым зы футболистми къызэрыщамыхутар. ДяпэкIи апхуэдизу екIуэкIыну сыщогугъ.

Топджэгум екъэлIа Iуэхугъуэкэр, щынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщыну адрей къэралхэм щыIахэм ефIэкIащ. Урысей Федерацэм иужьрей лъэхъэнэм щытепщащ зэныбжьэгъуГъэмрэ зэдэIэпыкъуныгъэмрэ.

- ВидеокIэлъплъыныгъэр япэу мы чемпионатым къыщагъэсэбэпащ. Дауэ къыфщыхъуа ар?

- Ар илъэс кудэкIэ дызыхуэхIуа IэмалыфIщ. Иджы судьям имылъагъуу джэгуплI губгъуэм мыхьэнэ зиIэ гуэр къыщыхъуамэ, видеомкIэ и дэIэпыкъуэгъуэм хъыбар кьаргъащIэри, абы теухуауэ унафэ ещI. Араща, зыми лей къытехьэжьркъым. Абы и фIыгъэкIэ нахуэу зэхэгъэкIа мэхъу топыр гъуэм дэкIарэ дэмыкIарэ, штрафнюм и кIуэцIым хабзэр къыщыззпаударэ пенальти егъэуэн хуейм, офсайдым иту гъуэр кьащтамэ, нэгъуэщI куэди. Судья нэхъыщхьэм гурыщхъуэ щищI сыт хуэдэ Iуэхугъуэми иджы нэхъ куууэ видеомкIэ зыщIэгъэгъэжыну Iэмал щыIэщ.

- Европэм щыщ къэралхэм я гуп къыхэхахэм иужьрей чемпионатым тепщэныгъэр щаубыдащ. Сыт ар къызыхэкIуэу къэплъытэр?

- 2006 гъэ лъандэрэ дунейпсо чемпион хъур Европэм щыщ къэралыгъуэхэм я командэ къыхэхахэращ. Абы зыри щынагъуэ хэтъыкIыну - толджэгум сытри кьыщыхъуфынущ. Къапщтэмэ, Бельгиемрэ Япониемрэ щызэздзэгъуэм псори нэгъэщIу иухыфынут. Топджэгум дуней псом зыщIежь икIи аращ нэхъыщхьэр. ФепIытт Хорватиеи и зыужьныгъэм. Балканхэм щыщ къэралыгъэ цIыкIур хуэфащэну утыку итщ, гуп нэхъ лъэщ дыдэхэр хигъэщIэфу.

- 2026 гъэм дунейпсо чемпионатым и кIэух зэхьэзэхуэр Америкэ Ищхъэрэм и къэралыгъуищым зэуэ щекIуэкIынущ, хэтыныгъэри гуп 48-м нагъэсынущ. Ар уфIэтэмэм?

- Сощ1э а унафэмкIэ мыарзэш куэд зэрыщыIэр, ауэ дэ тщIэр дощIэж. Дунейпсо чемпионатым я кIэух зэхьэзэхуэхэм хэт командэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Апхуэдизу щыт пэтми США-ри, Чилири, Голландиери, Италиери, нэгъуэщI гуп лъэщхэри абы нэсыфакъым. Америкэм и Штат Зэгухэм, Мексикэм, Канадэм 2026 гъэм зэгъуэгу щекIуэкIынущ дунейпсо чемпионатым командэ 48-рэ зэрыхэтынур щынагъуэкъым - футболым щIыпIэ нэхъыбэм щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьыну араш.

- Абы ипэжкIэ дунейр щыхуабащэ Катарым дунейпсо зэхьэзэхуэр щызэхэтынущ.

- Футболистхэм ар къатемыхьэлъэн папщIэ дунейпсо зэхьэзэхуэр щедгъэкIуэкI хабзэ мэкъуауэгъэ-бадзэхуэгъэ мазэкэм (декабрем) 2022 гъэм щIэкIуэгъуэм (ноябрым) и 21-м щIидзэнурэ дыгъэгъазэм (декабрым) и 18-м пщIондэ Катарым щыIэну зэпеуэр зэхэтынущ. Ари фIы дыдэу къызэгъэпэща зэрыхъунym шэч кьытехьэрэкъым. ЗэкIэ дыубзыхуакъым командэ дапщэ абы хэдгъэхьэнуми. Катарым иригъэблэгъэфынымэ, илъэсипIи дэкIмэ кIэух зэхьэзэхуэм хэтынухэм я бжыгъэр 48-м нэдгъэсынущ. Апхуэдизым пэмыльэщынымэ, 32-уэ къэнэжынущ.

Топджэгу нэхъыфI Модрич Лукэ

ФИФА-м и КъэпщытакIуэ гупым игъэбелджылащ дунейпсо чемпионатым и футболист нэхъыфIыр.

Урысей Федерацэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм псоми щефIэкIауэ къэлъытащ Хорватием и гуп къыхэхам и капитан **Модрич Лукэ**. Абы «дыщэ топыр» иратащ. Хорват щIалэм кьыкIэлъокIуэ Бельгием и гъуащхьауэ **Азар Эдинрэ** Франджым и пашэ **Гризманн Антуанрэ**. Аэрращ «дыжьын», «жэз» топхэр зылъысаохэри.

Гъуащхьауэ нэхъ Iэзэ Кейн Гарри

Инджылызым и командэ къыхэхам XXI дунейпсо чемпионатым щригъэкIуэкIа зэIущIихым топыр щыдигъэкIри, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм щытекIуащ Кейн Гарри. Дауи, аращ «дыщэ бутсэр» зыхуагъэфэщар.

Пашэныгъэр зыубыдар гурыIуэгъуэми, адэкIэ кьызэрэпэщакIуэхэр гугъу ехьащ. **Кейн Гарри** иужь кьитт топ плIырыплI зэхьэзэхуэм щыдэзыгъэкIаxэу Роналду Криштиану (Португалие), Черышев Денис (Урысей Федерацэ), Лукаку Ромелу (Бельгие), Мбаппе Кильян (Франджы), Гризманн Антуан (Франджы). Апхуэдэу щыхъум къабжащ абыхэм кърата иужькIэ топ дагъэкIаxэм я бжыгъэр. **Гризманн** апхуэдэу тIу, **Лукаку** - зы иIэу кьыщIэкIащ. Адрейхэр а лъэныкъэмкIэ зэи кьыщыхэжаныкIа-кьым. Арати, абы теухуауэ «дыжьын», «жэз» бутсэхэр ягуэшащ.

Гъуащхьэтет нэхъыфI Куртуа Тибэ

«Дыщэ Iэлъэр» куэдым зэдзэрэзыуэ хуагъэфащэт Франджым и командэ къыхэхам и гъуащхьэтет Ллорис. АращхьэкIэ, зыхэт гупыр дунейпсо чемпион хъуами, кIэух зэIущIэм езым щыIэщIэкIа щыугъэм дамыгъэ лъапIэм хигъэкIыжащ. Ар лъэсащ Бельгием и командэ къыхэхам и гъуащхьэтет Куртуа Тибэ.

2006 гъэ пщIондэ дунейпсо чемпионатым я гъащхьэтет нэхъыфIхэм ират саугъэт нэхъ лъапIэм Яшин Лев и цIэр зэрихьэу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджы апхуэдэжкъым. КъызэгъэпэщакIуэхэм къалъытащ абы зыгуэрым и цIэр зэрихьэн хуэмейуэ.

Футболист щIалэщIэ нэхъыфI Мбаппе Кильян

Франджым и гъуащхьауэ Мбаппе Кильян и ныбжьыр илъэс пщыкIубгъу хъууэ араш. А щIалэщIэр зыхагъэхьну щIохъуэпс дунейм и футбол командэ нэхъыфI дыдэхэр.

Мбаппе Кильян XXI дунейпсо чемпионатым и футболист щIэлэщIэ нэхъыфIу къалъытащ. Топджэгум и пащтыхьу къалъытэ Пеле и лъэужьыр ихуну абы хуагъэфащэ. Фигу къэдгъэкIыжьнщи, бразил гъуащхьауэ цIэрыIуэгъэ щэнёрэ дунейпсо чемпион хъуащ икIи апхуэдэ зыхуэзэфIэкIа нэгъуэщI зыри щыIэкъым.

Модрич Лукэ

Кейн Гарри

Куртуа Тибэ

Мбаппе Кильян

● Щапхъэ

ЦIыхуитIщ зэрыхъур абы хуэдэхэр

Франджым и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Дешам Дидье тIэунейрэ дунейпсо чемпион хъуащ: 1998 гъэм ар зи капитан гупым дыщэр къихьащ, илъэс тIощI дэкIри, и гъэсэнхэм апхуэдэ дыдэ ехъулIэныгъэ зыIэрагъэхьащ.

ФУТБОЛИСТУИ тренер нэхъыщхьэу дунейпсо чемпион хъуащ иджыри къэс щыIар цIыхуит къудейщ - нэмыцэ Беккенбауэр Францэ бразил Загаллэ Мариорэ. Дешам Дидье ещанэщ.

ЗэIущIэхэр щекIуэкIа стадионхэр

XXI дунейпсо чемпионатым и зэIущIэ 64-р щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и къалэ 11-м я стадион 12-м. Аэрр мы зэхьэзэхуэ иным ирихьэлIэу яухуащ е мылъкушхуэ трагъэкIуадэри зэрагъэпэщыжащ.

«Екатеринбург арена» (цIыху 53.061-рэ йохуэ). Екатеринбург щыIэ стадионыр 2006 - 2011 гъэхэм къанэ щымыIэу зэрагъэпэщыжауэ щытащ. Дунейпсо чемпионатыр абы зэрыщекIуэкIынур наIуэ хъуа иужькIэ, ФИФА-м кьиргъуэ мардэхэм ирагъэззэгъэн папщIэ аргуэру елэжьын щIадзэжащ икIи сом мелларди 7 трагъэкIуэдащ.

«Волгоград арена» (цIыху 43.713-рэ йохуэ). Ар иращIыхьащ «Центральный» стадионыр зэрыта щIыпIэм. Лажьэу яутIыпщащ дунейпсо чемпионатыр къызэIуахыным мазитI иримыкIу иIэжу.

«Самара арена» (цIыху 41.970-рэ йохуэ). Илъэсищ иримыкъым къриубыдэу яухуащ.

«Стадион Нижний Новгород» (цIыху 43.319-рэ йохуэ). 2015 гъэм щIадзэри 2017 гъэм и кIэухым ухуэныгъэхэр яухащ.

«Мордовия арена» (цIыху 41.685-рэ йохуэ). Урысейпсо спартакиадэр кьыщызэIуаха 2012 гъэм ирихьэлIэу яухун хуэщI, арщхьэкIэ, футболымкIэ дунейпсо чемпионатым и зэIущIэхэр зэрыщекIуэкIынур наIуэ щыхъум, плъэр илъэситхукIэ ягъэIэпхъуащ.

«Ростов арена» (цIыху 43.472-рэ йохуэ). Дон псым и сэмэгу Iуфэм щаухуащ.

«Стадион Калининград» (цIыху 33.973-рэ йохуэ). ЩIыпIэ нэщIым илъэситIрэ нкIуэм щызэфIагъэуващ.

«Казань арена» (цIыху 42.873-рэ йохуэ). 2013 гъэм щыIа Гъэмахуэ Дунейпсо Универсиадэм ирихьэлIэу яухащ. ФутболымкIэ XXI дунейпсо чемпионатым хьыхь зэIущIэхэм кьищынэмыщIауэ, абы нэхъапэIуэкIэ щекIуэкIащ Псым есныкIэ дунейпсо чемпионатрэ ФИФА-м къызэригъэпэща Конфедерацэм и Кубокымрэ.

«Фыщт» стадион (цIыху 44.287-рэ йохуэ). 2014 гъэм щыIа ЩIымахуэ Олимп джэгуэхэр къыщызэIуахащ икIи щызэхуащIыжащ. Абы иужькIэ футболымкIэ Конфедерацэм и Кубокымрэ дунейпсо чемпионатымрэ хуагъэхьэзыращ.

«Стадион Санкт-Петербург» (цIыху 64.468-рэ йохуэ. Къэрал мылъкур зэхэшхыхьжыныкIэ щапхъэ хъуа ухуэныгъэ иным сом мелардхэр лъэужьынщэу щыкIуэдащ. Сытми 2016 гъэм и кIэухым лажьэу яутIыпщащ. 2020 гъэм щыIэну Европэм футболымкIэ и чемпионатым и кIэух зэпеуэм хьыхь зэIущIэ зыбжанэ щагъэкIуэкIынущ траухуащ.

«Открытие арена» (цIыху 44.190-рэ йохуэ). Мэзкуу и «Спартак»-м и мылъкукIэ яухуащ.

«Лужники» стадион (цIыху 78.011-рэ йохуэ). 1980 гъэм щыIа Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр къыщызэIуахащ икIи щызэхэщIыжащ. Урысей Федерацэм и стадион нэхъ ин дыдэщ.

Урысей Федерацэм щекIуэкIа футболымкIэ дунейпсо чемпионатым и кIэух зэIущIэ 64-м зи гугъу тщIа стадионхэм щеплъащ цIыху мелуани 3-рэ мин 31-рэ 768-рэ. Ику иту ар зэIущIэ къэс цIыху мин 47-рэ 371-рэ мэхъу.

Топджэгум дихьэххэр нэхъыбэу зэкIуэлIар «Лужники»-ращ - мин 546-рэ 77-рэ. Дунейпсо чемпионатым и зэIущIэ 12 щекIуэкIа Мэзкуу и стадионтIми сыт щыгъуи цIыхухэр изу щытащ. Нэхъ мащIэ дыдэ зэкIуэлIар Екатеринбургрэ Волгоградрэ щыIа зэIущIэхэращ (ику иту цIыху 31.359-рэ).

Сыт къапэплъэр дунейпсо чемпионатыр щекIуэкIа Урысей Федерацэм и стадионхэм? Мэзкуурэ Санкт-Петербургрэ яйхэм папщIэ уущIэгугъэвэн щыIэкъым - цIыху мелуан зыбжанэ щыпсэу къалащхьэхэм абыхэм екIуэлIэнухэр щыбгъэтынущ, я командэхэр сыт щыгъуи зэхьэзэхуэ инхэм зэрыхэтым къыхэкIыу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэу пхужьIэнухъым адрейхэм папщIэ. Къапщтэмэ, премьер-лигэм хэт «Ростов»-р стадионыщIэм Iэпхъуэфынухъым щригъэкIуэкI зэIущIэ къэс сом мелуан 13 - 14 зэрытекIуэдэнум къыхэкIыу. Калининград, Волгоград, Новгород Ищхъэрэ, Саранск я командэхэр зыхэтыр япэ дивизионращ. СтадионыщIэхэм щыджэгун папщIэ абыхэм зэIущIэ къэс сом мелуани 8 кьагъуэтыпхъэщ. Дэнэ кърахыу?

ГурыIуэгъэщ, апэ илъэсхэм къаралым стадионыщIэхэм и нэIэ тригъэтынущ. ИужькIэ щаухуа къалэхэм я мылъку ящIынущи, къапэплъэр щIагъуэкъым - абыхэм стадион зехьэнхэм кьищынэмыщIауэ, гугъуехьэр я щхьэм кьолъэлъхьыж. Араща, апхуэдизу мылъку зытекIуэда ухуэныгъэр зыри я мылъмышынэжу Iисраф хъункIэ шынагъуэшхуэ щыIэщ.

Саугъэтхэр зэрагуэшар

ФИФА-м нэхърэ нэхъ къулей спорт зэгухьэныгъэ щыIэкъым. Абы доллар мелардхэр илъэс къэс зэреГъакIуэ. Къапщтэмэ, иужьу Урысей Федерацэм щыIа дунейпсо чемпионатым хэтхэр трагъэзгъэшхуэн папщIэ доллар мелуан 657-рэ хухахьфащ. Ар доллар мелуани 181-кIэ (е процент 38-кIэ) нэхъыбэщ 2014 гъэм Бразилием щытрагъэкIуэдам нэхърэ. Абы щыгъуэми, саугъэт фондыр доллар мелуан 400 мэхъу. Иджыри доллар мелуан 48-р (кIэух зэхьэзэхуэм хэхуа командэ 32-м ящыщу дэтхэнэми доллар мелуанрэ ныкъуэрэ хуэзэу) хухахащ зэпеуэм тэмэмэу зыхуагъэхьэзырыфын папщIэ. Адрей доллар мелуан 209-р трагъэшэнущ «Club Benefits» программэм тету. Куэдым яфIэхьэлэмэтыну къыщIэкIынщ дунейпсо чемпионатым къыщахьа увыпIэм елъытауэ командэхэм къаIэрыхьа хэхъуэр зыхуэдизыр.

Увыпlэр	Къыпэкlуар (долларкlэ)
Текlуам	мелуан 38-рэ
Финалым щыхагъэщlам	мелуан 28-рэ
Ещанэ хъуам	мелуан 23-рэ
Еплlанэр къэзыхьам	мелуан 22-рэ
Финалым и Іыхьэ плlанэм нэса дэтхэнэми	мелуан 16
Финалым и 1/8-нэ Іыхьэм нэса дэтхэнэми	мелуан 12
Гуп зэпеуэм хэта дэтхэнэми	мелуан 8

Франджым и командэ къыхэхар.

● Бжыгъэхэр

Ди хьэщIахэр

ФИФА-м къытридза бжыгъэхэм я тепщIыхьымэ, XXI дунейпсо чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм Урысей Федерацэм и стадионхэм щеплъэныфын папщIэ билет мелуани 2-рэ мин 403-рэ 1Іб-рэ ящэхуащ. Абыхэм ящыщу мин 871-рэ 797-р ди къэралым щыщхэм зыIэрагъэхьащ.

ДЫДЕЙХЭМ къыщынэмыщIауэ, билет нэхъыбэ дыдэ ящэхуащ США-м къикIахэм. Абыхэм я командэ къыхэхар Урысей Федерацэм щыIа кIэух зэхьэзэхуэм хэмытами, езыхэр жыджэру зэпеуэм кIэлъыплъащ (88.825-рэ). АдэкIэ къыкIэлъокIуэ Бразилиер (72.512-рэ), Колумбиер (65.234-рэ), Германиер (62.541-рэ), Мексикэр (60.302-рэ), Аргентинэр (54.031-рэ), Перур (43.583-рэ), Китайр (40.251-рэ), Австралиер (36.359-рэ). Инджылызыр (32.362-рэ).

Топджэгум еплъахэм я процент 37-м я ныбжьыр илъэс 25-м щегъэжьауэ 34-м нос. Стадионхэм кIуахэм я Іыхьэ плlанэр цIыхубзщ.

Индием къикIащ... лъакъуэрыгъажэкIэ

Урысей Федерацэм кърикIуэну билет уасэ зимыIэ Индием щыщ егъэджакIуэм хэкIыпIэ гъуэгу теуващ.

● Хьэлэмэтщ

КЛИФИН Фрэнсис есэпымкIэ егъэджакIуэ къызэрыгуэкIащ икIи футболымкIэ дунейпсо чемпионатым ирикIуэн папщIэ мылъку, дауи, хузэхуэхьэсакъым. Махуэ къэс доллар 40 къэзылэжь щIалэр и улахуэм зэрыхэIэбэфа щыIэкъым, унагъуэм лей къытримыгъэхьэн щхьэкIэ.

Псори зэпитыри, мазаем (февралым) и 23-м ар лъакъуэрыгъажэкIэ гъуэгу теуващ. Абы и хьэупсапIэт Арентинэм и командэ къыхэхам и капитан Месси Лионель и нэкIэ зригъэлъагъуну икIи абы и щыхьэту и Iэщ1эдзыр зыIэригъэхьэну.

Гугъуехь, шынагъуэ куэд кьызэринэкIщ, къэрал зыбжанэм я гъунапкъэхэр зэпиупщIри, километр 7.500-м щIигъу кьызэпичауэ Клифлин мэкъуауэгъум и 26-м ирихьэлIэу Мэзкуу къэсащ. «Франджымрэ Даниемрэ я щIэныгъэ фIэкIа кьыслъэщIахуатэхъыми, абы сыкърихьэлIащ. Сыхуейят Месси зэрыджэгум си нэкIэ сыкIэлъыплъыну, арщхьэкIэ шейтIаным уи псэр ептами, ар зэгъэхьулIэгъуейщ», - яжриащ мазиплIкIэ гъуэгу тета Фрэнсис къепщIэкIа журналистхэм.

Пагагъым къыхуихьар

● Къаугъэ

Хорватием и командэ къыхэхар чемпионатым и тельыджэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ икIи хуэфащэ дыдэу финалым нэсащ. АращхьэкIэ абы и футболист Калинич Николэ и ІэфракIэм едзэкъэжу къыщIэкIынщ, и пагагъыр къызэрытекIуам къыхэкIыу.

УРЫСEЙ Федерацэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ зэIущIэм хорватхэр 2:0-у Нигериемрэ щытекIуэу я тренер нэхъыщхьэм Калинич унафэ хуищIащ губгъуэм ихьэну зигъэхьэзырыну. Николэ абы едэIуакъым икIи и щхьэ трилъхьакъым Iуэхур щызэфIэкIа джэгуГъуэм и кIэухым адрейхэм яхьихьэжыну.

Тренер нэхъыщхьэ Далич Златкэ ар хуабжьу игу ирихьакъым икIи Калинич Николэ занщIэу и унэ игъэкIуэжащ.

Дунейпсо чемпионатхэм я регламентым щыубзыхуакъым абы къыщыхьа медалхэр зыIэрыхьа командэхэм дапхуэдэу ягуэшыными. Хорватхэм комплект 50 ялъысащ, зыIэрыхьэнур езыхэм яубзыхужыныщ. Къапщтэмэ, пщафIэу здашам медалыр ирату, футболистыр Іыхьэншэ ящыфынущ. Апхуэдэу къыщымыщIыну пIэрэ Калиничи?

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (экуэцI зыхъ секретарь), **Истэмэн Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльан, НэщIэпыджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхьумэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хьумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщIэ дэтIыц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *редакторУ* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерхlэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Сандэ, Бешто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэзэжьащ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.173 ● Заказ №747